



Pou Piblikasyon Imedya: 05/7/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PON NEWBURGH-BEACON PRAL ENPLEMANTE PEYAJ SAN LAJAN KASH APATIDE DAT 7 JIYÈ 2021**

***Detektè ak Kamera Dènye modèl ki ka li E-ZPass pral Fasilite Deplasman San Kanpe***

**Otorite Pon Eta New York Ankouraje Otomobilis yo pou yo Chanje a E-ZPass e Pou yo Pran Avantaj pou Fè Ekonomi ak Pwofite de Fasilite pou Fè Peman Atravè Peyaj yo**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare jodiya ke yo pral enplemante peyaj san lajan kash la nèt nan Pon Newburgh-Beacon apatide minwi nan matine mèkredi 7 jiyè 2021. Otomobilis yo pral kapab vwayaje san kanpe anba pòtik yo gras ak detektè ak kamera dènye kri ki li etikèt E-ZPass yo epi ki pran imaj plak imatrikilasyon yo. Veyikil ki gen etikèt E-ZPass yo ap peye otomatikman epi y ap pran foto plak lisans veyikil ki pa gen etikèt E-ZPass yo epi yo pral voye yon bòdwo dwa pasaj bay pwopriyetè veyikil ki anrejistre a atravè Tolls by Mail NY.

**Gouvènè Cuomo te deklare** "Yon sistèm transpò ki modèn ak teknoloji pwent esansyèl pou kenbe ekonomi nou an konpetitif nan venteyinyèm syèk la, e n ap itilize teknoloji ki pi ajou a pou n ankouraje sa. Avèk enstalasyon peyaj san lajan kash yo nan Pon Newburgh-Beacon nan, n ap rann depasman atravè Hudson River a pi fasil e peyaj yo ap pi abòdab pou tout moun."

Otomobilis yo dwe atann yo a delè ozanviwon 11:50 p.m. nan lasware 6 jiyè a, etandone yo pral kanpe trafik la defason tanporè sou pon an pou ke yo ka pèmèt yo degaje plas peyaj la anvan enplemantasyon an a minwi. Dèke plas peyaj la fin libere, yo pral dirije trafik la pou l kontinye nan yon nouvo sikwi sikilasyon.

Aprè chanjman a peyaj san lajan kash la fin fèt nan dat 7 jiyè, yo pral dirije otomobil yo nan vwa adwat plas peyaj aktyèl la jouk yo fin konplete demantèlman pòs peyaj yo. Pandan peryòd tan pwovizwa sa a, nou rekòmande otomobilis yo pou yo kontinye deplase epi pase zòn travay la avèk prekosyon. Amenajman plas peyaj la ta dwe konplete nan mwa dawout.

Nou ankouraje tout chofè yo pou yo fè chanjman a E-ZPass pou yo ka pran avantaj sou rabè ak fasilite ki gen nan peman atravè peyaj yo. Ou ka kòmande etikèt yo sou [www.e-zpassny.com](http://www.e-zpassny.com) oubyen ou ka al chèche yo nan kèk detayan nan tout eta.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou peyaj san lajan kach la sou sitwèb Otorite Pon an ak sou paj medya sosyal li yo. Jwenn plis enfòmasyon sou [www.nysba.ny.gov](http://www.nysba.ny.gov). Ou kapab jwenn New York State Bridge Authority (Otorite Pon Eta New York la) sou [Facebook](#) ak sou [Twitter](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)